

LYNN PUBLIC SCHOOLS

James Leo McGuinness Administration Building – 100 Bennett Street, Lynn, MA 01905
Tel. (781) 477-7220 ~ Fax. (781) 477-7312



Debra Ruggiero
Superintendent of Schools

2 Fevriye 2023

Chè Fanmi:

Chak ane, chak lekòl piblik ak distri lekòl nan Massachusetts resevwa yon bilten kanè. Kòm kanè pitit ou montre kijan yap pèfòme nan diferan matyè, bilten kanè lekòl la fèt pou montre fanmi yo kijan lekòl nou yo ap pèfòme nan diferan zòn. Wap jwenn yon lyen pou bilten kanè nou yo ki disponib nan. reportcards.doe.mass.edu.

Bilten kanè a gen ladan plizyè mezi sou pèfòmans yon lekòl – plis pase nòt MCAS sèlman. Li reprezante yon nouvo fason pou gade pèfòmans yon lekòl, lè ou bay enfòmasyon sou akonplisman yon elèv, kalifikasyon pwofesè, opòtinite ansèyman elèv, ak plis ankò.

Bilten Kanè a fèt pou li kapab yon zouti itil pou tout moun ki konekte nan lekòl nou an. Fanmi yo ka itilize enfòmasyon pou gen konvèsasyon konstruktif avèk nou sou pèfòmans lekòl la epi si gen plas pou amelyorasyon. Lidè edikasyon ak kominotè yo ka itilize enfòmasyon an pou pi byen konprann kijan pou sipòte elèv ak lekòl nou an. Nou ankouraje w pou vin patisipe nan ede nou amelyore lekòl nou an. Nou konsidere paran yo kòm patnè enpòtan nan siksè elèv nou yo ak lekòl la, e nou rekonesans pou sipò kontinyèl ou.

Finalman, si pitit ou enskri nan yon lekòl ki resevwa lajan federal Tit I, ou gen dwa tou pou mande enfòmasyon ki annapre a sou kalifikasyon pwofesè yo nan salklas pitit ou:

- Kesewa pwofesè pitit ou gen lisans nan nivo klas la ak matyè yap anseye a,
- Kesewa pwofesè pitit ou an ap anseye avèk yon lisans ijans oswa yon egzansyon,
- Degre kolèj ak spesyalite pwofesè pitit ou, ak
- Kesewa para-pwofesyonèl la bay pitit ou sèvis epi, si se konsa, kalifikasyon yo.

Si ou gen kesyon sou bilten kanè lekòl nou an, ou ta renmen vin patisipe nan aktivite amelyorasyon lekòl la, oswa ou ta renmen mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesè salklas pitit ou an, tanpri kontakte lekòl. Pou w gade bilten kanè distri nou an oswa pou chèche bilten kanè lòt lekòl, vizite reportcards.doe.mass.edu.

Kòdyalman,

Handwritten signature of Debra Ruggiero in blue ink.

Debra Ruggiero
Siveyan Jeneral Lekòl yo